

KISA SIPOTE MLRI YO FE

Entwodiksyon

Nòt sa-a dekri travay Enstiti Massachussets Law Refòm fè.

Nan zafè jeneral , MLRI pa bay klyan reprezantasyon endividyèl nan ka endivisyèl yo, men li bay enfòmasyon ak konsèy nan sèten ka

Si on moun rele MLRI pou mande reprezantasyon pèsònèl, oubyen si sipòtè MLRI nan pa valab lè yo bezwen-n, se pou moun ki rele an, kontakte enfòmasyon ki apoprye a zòn gewografik kote li rete ya.

←nan pati Lès nan Masachosèt , Sant Resous ak Sipò Legal, (Legal Advocacy and Support Center) 617-603-1700 oubyen 1-800-342-5297,

← Santral Masachosèt, Pwojè Jistis nan Mass. (Mass. Justice Project), 508-831-9888 or 888-427-8989;

←nan Lwès Masachosèt , Pwojè Jistis nan Mass.(Mass. Justice Project, 413-533-2660 or 800-639-1209.

I. Divizyon Benefis

Divizyon Benefis MLRI bay sipò pou plan ki asiste fanmi ki ekonomikman fèb ak endividi, pou jwenn benefis ak asistans, gouvènman lokal ak federal finanse. **Divizyon Benefis pa bay kliyan endividyèl reprezantasyon dirèk**, men pito, li sèvi pou sous enfòmasyon ak sipò, pou ofis legal local yo ak lòt pwogram ki gen baz nan kominote ya, epi ki bay reprezantasyon dirèk. Si yo gen tan, manb divizyon yo ba moun ki ekonomikman fèb aki fanmi kap fè fas a pwoblèm ki relye ak benefis, konsèy de baz ak referans pa telefon.

II. Divizyon Kay

An general divizyon kay nan pa reprezante moun . Divizyon kay nan travay sou pwoblèm kay ki afekte on kantite moun, yo konsantre sou kay piblik leta ak kay leta finanse.

1. Nou travay avèk òganizasyon locatè nan kay leta sou bann kalite pwoblèm, ladanyo patisipasyon locatè nan desizyon otorite kay y, sou regilasyon.
2. Nou travay pou opoze demolisyon kay leta.
3. Nou travay avèk lejislati leta sou lejislasyon pou kay
4. Nou reprezante group nan dwa sivil konsènen pwogram kay leta finanse.

5. Nou asiste avoka nan lòt powgram sèvis legal.
6. Nap bay moun ki telefonen yo konsey ak referans ki kout.

III Divizyon Lwa Fanmi

Premye priyorite divizyon Lwa Fanmi nan MLRI, se defann victim vyolens domestic ak ede pwogram ki bay viktim asistans legal yo sipò. Divizyon Lwa Fanmi bay sèvis pou defann yon bann varyete pwoblèm lwa familial, ki afekte moun ki ekonomikman fèb. Nan pwoblèm sa yo genyen: divòs, chaj timoun ak visitasyon, sipò timoun, ak lòt pwoblèm ki afekte sekirite finanyè fanmi.

Divizyon Lwa Fanmi bay kalite sipò sa yo:

- Lejislatif, tribunal, ak system sipò legal ki kabap benefisye on gran kantite moun ki ekonomikman fèb.
- Kolaborasyon nan sipò – ede oubyen dirije kolaborasyon pou efò nan Sipò ant toude sipòtè legal e non legal, nan pwoblèm ki afekte moun ki ekonomikman fèb.
- Staj ak edikasyon legal pou kominote.

Divizyon Lwa Fanmi pa bay asistans ou reprezantasyon pou moun.

IV. Imigrasyon

Premye bi travay imigrasyon MLRI se pou proteje ak defann opotinite imigran ki ekonomikman fèb yo, pou kenbe estati legal e jwenn tretman ki jis nan men otorite imigrasyon. Dezyèmman, nou bay sipò egalite nan tretman pou imigran kelkeswa estati yo, nan menm lòt branch gouvènman.

Nou akonpli bi sa yo ak sipò pou regilasyon/ lyezon ak ajans gouvènman; presyon ak pwosè (ladanli entèvansyon); sipò lejislatif, edikasyon dwa legal; ak bati fòs enstitisyonèl òganizasyon ki kritik pou misyon nou. Nou bay asistans ak sipò legal, konsistan avèk misyon ak konsepsyon nan lwa imigrasyon ak pwoblèm dwa imigran yo.

A. Pwoblèm lwa imigrasyon yo genyen:

1. azil ak lòt avni pou estate legal
2. Otorizasyon travay.
3. Jistis
4. detansyon ak deplasman
5. chaj piblik, afidavi sipò ak konsekans resevwa benefis sou estate.
6. evalyasyon administratif ak jidisyè desizyon imigrasyon

Nou paka bay sipò sou pwoblèm lwa imigrasyon ki pa an premye afekte moun ki ekonomkman fèb, pa examp, petisyon anplwayè pou pwofesyonèl

B Pwoblèm dwa imigran yo se:

- B. 1) eligibilite lisans pou kondwi
- 2) aksè a edikasyon siperyè, frè eskolè pou lekòl nan eta a, èd finansyè
- 3) eliminen kondanasyon dapre lwa eta-a sou avètisman imigran.
- 4) elijibilite benefis pou non-sitwayen (an konjoksyon avèk Divizyon Benefis Kay ak Travay yo)
- 5) kesyon kap devlope ki afekte kominote imigran ki ekonomikman fèb yo.

MLRI pa bay reprezantasyon endividyèl pou difikilte abityèl. imigrasyon

V. Pwojè CORI

Pwojè CORI MLRI (a) bay konsèy, referans e kelkefw reprezantasyon endividyèl pou kliyan ki gen Enfòmasyon Dosye Ofansè Kriminèl (Criminal Offender Record Information) CORI, pwoblèm ki gen rapò avèk(CORI) tankou enkapasite pou jwen oubyen kenbe kay, travay, èd finasyè leta, imigrason, oubyen lòt benefis; (b) Bay estaj ak enfòmasyon konsènan lwa CORI; epi (c)chèche pou chanje lwa ak system ki fòmen poutèli yo.

Pwojè CORI an resevwa kout fil endividyèl. Tout kout fil sou CORI pou fèt nan MLRI ext. 504

VI Pwojè evalyasyon Entèprèt Lopital (HIAP)

HIAP nan MLRI an, espesyalman finanse pou seleksyonnen, gen aksè, vizite, gade ak pale avèk moun ki an chaj ak kèlke pasyan ki te itilize sistèm sèvis entèprèt yo, nan lopital entansif kote depatman ijans oubyen sèvis sikyatric entansif, te kouvri sa yo rele Lwa Entèprèt pou Sal Dijans . Bi an nan chak ka se pou pwodwi on evalyasyon a lekri konsènan si tout bagay ap pase byen nan lopital nan. Evalyatè yo tou ap cheche kritik sòti nan menm gwoup langaj ki baze nan kominote ya, konsènan si lopital local la bay bon sèvis ak asistans langaj pou pasyan ki pa pale angle.

HIAP apresye kòmantè kliayn LEP sou on sèvis entèprèt on lopital patikilye.

VII. Lòt Domèn Espesyalite MLRI

1. **Kesyon sou Entèprèt Tribinal**
2. **Reynyon Ouvè sou kesyon legal**
3. **Libète Enfòmasyon- Aksè aDosye Piblik**
4. **Konfidansyalite Enfòmasyon Pèsonèl**
5. **Edikasyon Piblik**
6. **Diskriminasyon Anplwaman Travay**

VIII. Domèn Espesyalite NON-MLRI

1. **Zafè kriminèl yo**
Aleksesyon konsekans dosye kriminèl sou abilite pou genyen ou kenbe kay, travay, welfè (ed finansyè leta), ou lòt benefis sivil. MLRI pa bay ankenn asistans lan zafè kriminèl.
2. **Libète Sivil**
3. **Pwoblèm Ankikap**